

## NOUVO MACHIN POU VOTE

### **K. E si mwen pa konnen kijan pou mwen itilize nouvo aparey pou voté sila?**

A. Manm biwo vòt la dwé montré wou kijan yo opéré machinn sila avan ké wou voté si wou mandé. Manm biwo vòt yo dwé édé wou voté si wou bézwen èd yo. Nan chak ti pyès koté yo voté, ta dwé genyen pankat ki endiké kouman pou itilize aparèy sila. Si wou pa wè pankat sila mandé.

### **K. E si ékran konpitè ya pa nan lang mwen?**

A. Ou gen dwa mennen yon moun ave'wou andédan pyès koté yo voté ya pou tradwui. You ka sétoblijé ranpli yon fom pou pèmèt yon moun antré avek wou nan pyès sila. **Si wou palé espaniòl, kréyol osinon anglè, wou ka chwazi lang ké wou vlé ya sou ékran. Si zo ka wou ta komèt yon èrè mandé manm biwo vòt la pou li édé wou chanjé li.**

### **K. E si mwen pa konnen pou ki lès mwen vlé vote osinon kouman pou mwen voté sou yon keksiyon?**

A. Ou pa oblijé vote nan tout osinon sou chak keksiyon. Ou gen dwa voté nan tout, kèk ladan yo ou byien pa voté di tou pou pyès ladan yo. Sé jan wou pi pito.

### **K. E si mwen komèt yon èrè?**

A. Ou gen dwa chanjé chwa ké wou fè plizyè fwa tout otan ou poko pézè bouton wouj ki ap mouri limen ki maké "VOTE".

### **K. E si machin sila tonbé an pann?**

A. Rapoté sa bay yon manm biwo vòt la tout swuit.

## **SONJE!**

Ou poko janm voté tout otan ou poko pézè bouton wouj ki ap mouri limen ki ki sou tèt machin la ki sanblé ak sila:



## **PA BLIYÉ!**

Pézè bouton wouj ki ap mouri limen apré wou fin chwazi épitou vérifiyé chwa sila yo.

*Dokiman sila sé yon prodiksyon  
American Civil Liberties Union of Florida  
ansanm ak  
League of Women Voters of Dade Co.*

*Dokiman sila fèt senpléman pou édiké moun,  
sé pa yon consej sou la lwa.*

*Si wou gen kéksiyon osinon wou bézwen plis  
enfòmasyon tanpri kontakté:*



ACLU of Florida  
4500 Biscayne Blvd.  
Suite 340  
Miami, FL 33137  
(305) 576-2337 ext. 19



League of Women Voters  
5275 Sunset Drive  
Room 18  
South Miami, FL 33143  
(305) 666-0186

# **FÈ VOT WOU KONTE**

*Yon gid keksiyon-repons san pati pri pou vote  
nan Miami-Dade*

## LA VEY JOU ELECTION

**Rélé Sipèvizè Eleksiyon yo nan  
305-375-4600 si...**

- wou chanjé kay – pou bay nouvo adrès sila.
- si wou pa si dé ki koté biwo vòt pa wou la yé.
- wou pa résévwa kat éléktoral apré ké wou fin enskri osinon chanjé adrès wou.

**Rélé Sipèvizè Eléksiyon yo nan  
305-375-5858 si...**

- wou vlé yon biltin pou moun ki absan (wou dwé fè demann biltin sila a bo koté Sipèvizè Eléksiyon yo avan midi osinon 4 jou avan éléksiyon).

**Si wou gen yon kondanasyon pou mové zak...**

e yo po ko rémété wou nan dwa wou, ou pa gen dwa voté. Rélé nan 850-488-2952 pou mandé yon aplikasyon pou restorasyon dwa sivil ak dwa dé vòt wou, osinon rélé ACLU nan 305-576-2337 ext. 19.

**Si wou kwè ké yo rétiré non wou sou lis la nan move kondisyon ...**

rélé Sipèvizè Eléksiyon yo nan 305-375-5553. Si wou pa rivé antann wou ak Sipèvizè sila kontakté ACLU nan 305-576-2337 ext. 19.

**Sipèvizè Eléksiyon yo sou entènèt nan  
<http://elections.miamidade.gov/>.**

## JOU ELEKSIYON

### **K. E si non mwen pa sou lis éléktoral la?**

- A. Yon manm biwo vòt sila ta dwé chéké si ou sé enskri kom éléktè an lis computer. Verifiyé ké manm biwo vòt sila chéké tout lis computer komplé e pas sèlman sa ki nan zòn koté ou abité a. Si manm biwo vòt sila ta di wou ké ou pa kapab voté li dwé ba wou rézon an.

### **K. E si manm biwo sila di ké mwen pa kapab voté alos ké mwen pansé ké mwen kapab?**

- A. Si manm biwo sila di ké wou pa kapab voté alos kéwou kwè ké wou kapab, wou gen dwa itilizé yon **biltin pwovizwa**. Biltin pwovizwa sila pèmèt wou ké wou fè chwa a tankou nemnpòt ki lòt vòt. Gwo diférens la sè ké yo **pap konté** chwa sila sof si yo deside apré ké wou té gen dwa voté épitou ou té nan bon biwo a. **Fè atansiyon lè wou va itilizé biltin pwovizwa gadé anba.**

### **K. E si manm biwo vòt la ban mwen yon biltin pwovizwa?**

- A. Avan ké wou itilizé yon biltin pwovizwa, vérifiyé ké wou nan zòn pa wou dapré nouvo adrès wou. Bay manm biwo vòt la adrès wou épitou mandé li si wou nan zòn wou. Si wou itilizé yon biltin pwovizwa nan yon lòt zòn vwa'w la pap konté.

## JOU ELEKSIYON

### **K. Eské mwen dwé itilizé yon biltin pwovizwa alòs ké mwen sèlman ta dwé chanjé adrès?**

- A. **Non.** Mandé pito pou yon fòm chanjman adrès nan biwo vòt sila pou mete adrès ou. **Pa itilizé yon biltin pwovizwa senpléman paské wou té chanjé adrès.**

### **K. E si mwen bliyé kat didantité mwen?**

- A. Wou gen dwa toukjou voté si non wou sou lis éléktoral la é wou siyen yon fom pou vérifiyé non ak adrès wou. Yo pa kapab anpéché wou voté senpléman paské wou pa maché ak kat didantité wou.

### **K. E si mwen pa kapab li biltin osinon mwen gen yon andikap ki rann li difisil pou mwen voté?**

- A. Si wou bézwen èd pou voté wou gen dwa mennen yon moun ké wou chwazi nan piyès pou voté a. Tou dabo mandé yon manm biwo sila paské wou ka sétoblijé ranpli yon fòm pou sa. Ou gen dwa mandé manm biwo sila pou édé wou.

### **K. E si yon zanmi osinon yon fanmi mandé pou mwen édé yo?**

- A. Ou gen dwa antré nan piyès pou voté ya ak yon zanmi osinon yon fanmi si yo mandé wou, éké yo bézwen ed a kòz ké yo gen yon andikap, paské yo pa konn li, osinon paské yo bézwen èd ak lang nan. Zanmi sila osinon manm fanmi sila kapab oblijé ranpli yon fòm.

## JOU ELEKSIYON

### **K. E si mwen ta chanje kay san mwen pa te bay biwo elektoral la nouvo adres mwen?**

- A. Si ou ta demenaje nan Miami-Dade e wou enskri pou vote nan Miami Dade County, ale nan biwo vot la pou regle koze nouvo adres sila. Rele nan 305-375-4600 pou konnen ki kote li ye. Le ou rive, mande pou we ak sekrete biwo pou zon sila. Di sekrete ya ke wou bezwen ranpli yon fom chanjman dadres. Le wou va fini ranpli fom sila épitou sekrete ya osinon yon manm biwo wa fin cheke ke wou enskri wou ta dwe kapab vote.

### **K. E si mwen ta ale nan yon move biwo vot?**

- A. Manm biwo vot yo dwe di wou nan ki biwo vot ou dwe ale. Si yo pa ta fè sa wou kapab rele biwo elektoral la wou menm nan 305-375-4600. Wou oblije vote nan zon kote wou abite. **Si ywou ta vote nan yon move biwo vot vwa sila pap kontent.**

### **K. E si mwen ta nan liyn le biwo vot la femen?**

- A. Wou toujou gen dwa vote.

### **K. E si yon moun ta eseye ban mwen presiyon?**

- A. Pote plent bay yon manm biwo a tout swit. Si se manm biwo a ki pwoblem nan rele Sipevize Eleksiyon yo nan 305-375-5553, di yon obsevate éléktoral sa osinon rélé ACLU nan 305-576-2337 ext. 19.